



Tranzisyon Pou Etidyan Ki Gen Andikap Kòman Paran yo Ka Vin Yon Pledwaye Efikas Nan Reyinyon IEP

Sa Ou Bezwen Konnen

Si ou se yon paran youn nan 5 milyon timoun yo 5 milyon ki gen andikap nan Etazini san dout ou okouran sou reyinyon Plan Edikatif Endividyèl (IEP) yo. Dapre lwa sou Edikasyon Endividyèl Pou Timoun Ki Gen Andikap (IDEA), paran yon timoun ki resevwa sèvis edikasyon espesyal reyini omwen yon fwa nan yon ane avèk reprezantan ki nan distri lekòl lokal la pou prepare yon IEP pou pitit yo a – yon deskripsyon alekri detaye sou pwogram edikasyon timoun lan.

Pou paran anpil, reyinyon IEP chak ane an kapab yon rankont difisil epi ki lakòz estrès. Ou ka gen pwoblèm pou fè ka pitit ou a paske ou santi administratè lekòl la ak ekspè yo entimide w. Kapab genyen obstak ki depase kontwòl ou, tankou yon mank pwofesè, finansman adekwa, oswa opsyon pou pwogram yo limite. Pandan pwosesis la ka sanble boulvèsan pou yon paran, sa pa nesèsè pou rive konsa.

Ou pa bezwen gen yon ekspè edikasyon espesyal oswa yon pledwaye pou yon defans efikas pou pitit ou a nan pwosesis IEP a. Ki sa ou dwe fè pou prepare ak planifye alavans. Chak paran - si se premye yo oswa dizyèm IEP yo - yo ap benefisye sou revizyon etap sa yo byen an avanse nan reyinyon IEP a.

Etap 1: Konprann dwa legal pitit ou a genyen pou resevwa edikasyon espesyal.

IDEA Distri eskolè ou an pou ba ou yon kopi lòd edikasyon espesyal, règleman ak politik yo. Li sa yo ak anpil atansyon, kenbe nan tèt ou, anba lalwa a, paran yo se patnè egal ak reprezantan lekòl yo nan desizyon k ap fèt yo. Ou genyen menm enpòtans avèk tout lòt moun nan reyinyon IEP a!

Etap 2: Resevwa yon kopi fòm IEP distri lekòl ou a.

Familyarize w avèk seksyon ou pral ranpli nan reyinyon IEP a, ki tipikman gen ladan:

- *Pwogram oswa Klas* - anvwonman pou aprann ki apwopriye pou pitit ou, tankou yon saldeklas regilye pou tout oswa yon pati nan jounen lekòl la, yon klas espesyal pou timoun ki gen andikap oswa yon lekòl prive pou timoun ki soud.
- *Bi ak Objektif yo* - Akademi jeneral, lengwistik, sosyal, pwofesyonèl, entelektyèl, èd endepandan ak lòt objektif ou genyen pou pitit ou an, tankou lekti oswa matematik, relasyon sèn ant elèv oswa aptitud pou viv endepandan, plis etap espesifik pitit ou a pral dwe pran pou reyalize objektif sa yo.
- *Sèvis ki Asosye* - devlopman, korektif ak lòt sèvis ki bay sipò nesèsè pou fasilite plasman pitit ou a nan yon klas regilye oswa ki pèmèt pitit ou an pou benefisye nan edikasyon espesyal. Egzanp yo enkli asistan endividyèl nan saldeklas, terapi lapawòl oswa transpò pou vini-ale nan lekòl.
- *Sèvis Tranzisyon* - tout sèvis sipò ki adrese bezwen pwofesyonèl, ak plasman avanse pou timoun ki gen laj 14 ak pi gran, ikonpri lavi endepandan apre lekòl segondè
- *Lòt Eleman Edikasyon* - nenpòt lòt bagay pitit ou a bezwen pou li reyisi, tankou korikoulòm patikilye ak metòd aprantisaj.

Etap 3: Vin yon ekspè sou pèfòmans edikasyon ak bezwen pitit ou a.

Kenbe yon kontak regilye avèk pwofesè ak lòt reprezantan lekòl pitit ou an, epitou pran opinyon nan men pwofesyonèl ki konnen pitit ou a. Resevwa kopi tout bagay nan dosye lekòl pitit ou a, ki gen ladan evalyasyon, done tèks ak kòmantè alekri nan men pwofesè yo. Chèche konnen ki sa ki chak atik vle di epi reflechi sou si wi ou non ou ka itilize li yo pou demonstre bezwen pitit ou a pou yon pwogram, sèvis, oswa metodoloji an patikilye.

Etap 4: Konnen opsyon w yo.

Kolekte enfòmasyon sou divès pwogram ak sèvis ki nan distri lekòl ou an (osibyen sa ki andeyò yo) ki kapab apwopriye pou pitit ou. Pale ak pwofesè pitit ou a, pwofesyonèl ki te evalye pitit ou a, administratè edikasyon espesyal distri an, ak lòt paran yo. Vizite plizyè nan pwogram sa yo avan reyinyon IEP an.

Etap 5: Devlope IEP ideyal pou pitit ou an.

Pandan ou menm ak distri lekòl la ap devlope IEP a ansanm, se yon bon lide pou w mete ansanm yon plan ki parèt ak lòt pwogram edikasyon ak sèvis ou vle yo alavans. Non sèlman sa pral ede w aprann materyèl ou, men li pral ede tou pou w reflechi sou kijan yo ka montre pitit ou a bezwen èd nan edikasyon ou vle pou li.

Si pitit ou gen bezwen swen sante espesyal, kèk bagay ou dwe konsidere yo se:

- Modifikasyon nan pwogram edikasyon fizik
- Fason yo chita nan saldeklas la, tankou evite chit toupren yon fenèt akòz alèji oswa bri
- Aksesibilite, tankou yon pòt dantre, seksyon aktivite lekòl yo, transpò, evakyasyon nan ka dijans
- Pwoblèm andirans ak fòs, tankou pote liv lou, pwogram kou yo
- Medikaman, pwovizyon medikal, ekipman

Si pitit ou an nan yon laj tranzisyonèl (14 zan oswa plis), bagay ou dwe konsidere yo enkli:

- Ladrès pou oto-detèminasyon ak oto-pledwaye
- Konprann pwòp bezwen ak akomodasyon ki obligatwa yo
- Konpetans jesyon swen medikal, okipe tèt-li, epi ak konesans nan asirans medikal
- Antrenman vokasyonèl ki pap rantre an konfli avèk bezwen medikal yo

Etap 6: Rasanble tout enfòmasyon ki disponib ki sipòte pozisyon ou ak IEP ideyal pitit ou a.

Sa kapab yon deklarasyon ki sòti nan men pwofesè pitit ou a, yon evalyasyon endepandan pitit ou a (yon evalyasyon pa yon moun andeyò distri lekòl la) oswa yon deklarasyon ki soti nan men pedyat pitit ou a oswa lòt pwofesyonèl

Etap 7: Chèche konnen ki moun ki pral patisipe nan reyinyon IEP an sou non distri lekòl la.

Eseye chèche konnen ki moun yo pral patisipe nan reyinyon an ak ki pwogram oswa sèvis distri lekòl la ta ka pwopoze pou pitit ou a. Tipikman, pwofesè pitit ou an ak administratè lekòl la ki responsab pou edikasyon espesyal ak espesyalis yo ki pral patisipe nan reyinyon IEP a. Ou dwe espesyalman klè sou pozisyon pwofesè a, li te gen anpil kontak ak pitit ou a epi li se yon manm ekip IEP an ki gen anplis enfliyan.

Etap 8: Envite alye ki apwopriye pou pale nan reyinyon IEP a sou non pitit ou a.

Sa kapab doktè pitit ou a, yon evalyatè endepandan ki te evalye pitit ou, oswa yon espesyalis ki sipòte pwogram nan, sèvis oswa lòt eleman IEP ou vle pou pitit ou a. Si moun kle pa kapab vini (oswa li koute twò chè pou yo pou fè sa), fè yo prepare yon deklarasyon alekri ou kapab li nan reyinyon an.

Etap 9: Òganize materyèl ou yo.

Mete tout papyè ak dokiman yo nan yon klasè twa-bag, avèk tout etikèt byen ekri sou seksyon yo defason pou ka jwenn yo fasilman pandan reyinyon an. Pou kapab metrize trach sa yo egzije pou w jeneralman òganize (men pa fanatikman), vle poze kesyon epi pou sèvi ak resous ki disponib toupatou. Si w planifye, òganize ak pèsevere, ou pral ede pitit ou an. Ou pa ka fè reyinyon IEP a pafè, men pitit ou an pral benefisye sou efò w yo.

Etap 10: Eksplòre resous adisyonèl ki kapab ede pitit ou an.

Genyen anpil resous ki disponib pou ede ou pi byen konprann IEP ak sipòte pitit ou - epi ankouraje pitit ou a pou vin tounen yon pi bon pledwaye tèt li! Gwoup pledwaye ak òganizasyon pou andikap yo kapab ede anpil nan pwosesis sa a. Men enpe pami bon sit wèb pou eksplòre yo:

- *Wrights Law*
www.wrightslaw.com/info/iep.index.htm
- *Embedding Health Outcomes in the IEP Process (Entegrasyon Rezilta Sante nan Pwosesis IEP a)*
<http://dpimedia.wi.gov/main/Viewer/?peid=f44dfa70439241dd85e99cce0cb70e26>
- *Navigating Your IEP: Are You on the Right Track towards Your Future (Navege IEP w la: Èske ou sou Bon Chemen Anvè Lavni w)?*
www.familycafe.net/images/stories/pdffiles/navigating%20your%20iep%202-25-10.pdf

Referans: *National Dissemination Center for Children with Disabilities (Sant Divilgasyon Enfòmasyon Nasyonal pou Timoun Andikape yo)*, <http://nichcy.org/disability>